

DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen kont Gip (Dirèk, Nan Nen): Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou www.immunize.org/vis

1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksinasyon kont grip kapab anpeche w pran grip.

Grip se yon maladi ki kontajye epi ki pwopaje nan peyi Etazini chak ane, jeneralman ant mwa oktòb ak me. Nenpòt moun kapab pran grip, men li gen plis danje pou kèk moun. Tibebe ki fenk fèt ak jèn timoun yo, moun ki gen plis pase 65 lane ak plis yo, fanm ansent, ak moun ki gen kondisyon sante oswa yon sistèm iminitè ki fèb yo genyen plis risk konplikasyon grip.

Nemoni, bwonchit, enfeksyon sinizit, ak nan zòrèy sa yo egzanp konplikasyon ki gen rapò ak grip. Si w genyen yon maladi medikal, tankou maladi nan kè, kansè, oswa dyabèt, grip lan kapab kapab anpire li.

Grip lan kapab ba ou lafyèb ak frison, mal gòj, doule nan misk, fatig, tous, maltèt, epi fè nen ou koule oswa bouche nen ou Genyen kèk moun ki kapab vomi epi ba li dyare, byenke sa plis kouran lakay timoun pase akay granmoun yo.

An mwayèn, chak ane, **genyen plizyè milye moun nan peyi Etazini ki mouri se grip ki touye yo**, epi genyen plizyè ki entène lopital. Vaksinasyon kont grip anpeche plizyè milyon maladi epi vizit ki gen rapò ak grip lakay doktè chak ane.

2. Vaksinasyon kont grip aktif, modifye

CDC fè rekòmandasyon pou tout moun ki gen sis (6) mwa oswa plis yo pran kont grip chak lè gen sezon grip. **Timoun ki gen sis (6) mwa jiska uit (8) lane yo kapab genyen bezwen de (2) dòz pandan menm sezon grip la. Tout lòt moun yo bezwen yon (1) sèl dòz chak sezon grip.**

Vaksen kont grip aktif ki modifye (yo rele “LAIV”) se yon vaksen an vaporizatè yo kapab bay moun ki pa ansent ki gen de (2) lane **jiska 49 lane**.

Sa ap pran anviwon de (2) semèn pou pwoteje kont grip lan aprè w fin pran vaksen an.

Genyen plizyè viris grip, epi yo toujou ap chanje. Chak ane yo kreye yon nouvo vaksinasyon kont grip ki pou pwoteje kont viris grip yo ki gen anpil chans pou lakòz maladi nan lòt sezon grip ki gen pou vini. Menm si vaksen an pa koresponn egzakteman ak viris sa yo, li kapab toujou bay kèk pwoteksyon.

Vaksinasyon kont grip **pa bay grip**.

Yo kapab bay vaksen kont grip a an menm ak lòt vaksen.

3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun k ap pran vaksen an:

- Li **genyen mwens pase de (2) lane oswa plis pase 49 lane**
- Li **ansent**. Yo pa rekòmande pou bay moun ki ansent yo vaksen kont grip ki aktif epi modifye
- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont grip**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li se yon **timoun oswa yon adolesan ki gen de (2) jiska 17 lane k ap pran aspirin oswa pwodwi ki genyen aspirin oswa konpoze abaz silfat**
- Li genyen yon **sistèm iminitè ki fèb**.
- Li se yon **timoun ki genyen ant de (2) jiska kat (4) ki asmatik oswa genyen yon antesedan respiratwa ki anòmal** pandan twa (12) dènye mwa ki sot pase yo
- Li gen **senk (5) lane oswa plis epi asmatik**
- Li **pran medikaman antiviral kont grip** pandan twa (3) semèn ki sot pase la
- L **ap pran swen moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb anpil** ki bezwen yon anviwonman ki pwoteje



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

- Genyen lòt pwoblèm medikal fondamantal ki kapab ogmante risk gwo konplikasyon ki gen rapò ak grip (tankou **maladi nan poumon, maladi nan kè, maladi nan ren tankou dyabèt, maladi ren oswa nan fwa, twoub newolojik oswa newomiskilè oswa metabolik**)
- Li pa genyen on larat, oswa genyen yon ki pa fonksyone
- Li genyen yon aparèy oditif (cochlear implant)
- Li genyen yon fwit likid sefalo rachidyen (yon fwit likid ki antoure sèvo a rive jis nan nen an, gòj, zòrèy, oswa kèk lòt pati nan tèt lan)
- Li genyen **Sendwòm Guillain-Barré** nan espas sis (6) semèn aprè yon ansyen dòz vaksinasyon kont grip lan

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab deside pou voye vaksinasyon kont grip pou yon lòt vizit.

Pou kèk pasyan, genyen yon lòt kategori vaksen kont grip (vaksinasyon kont grip ki inaktif oswa ki rekonbine) kapab plis apwopriye pase vaksen kont grip ki aktif epi modifye yo.

Moun ki genyen maladi minè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont grip lan.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.

4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

- Nen k ap koule sòs oswa nen bouche, respirasyon asmatik, ak maltèt ki kapab parèt aprè vaksinasyon LAIV.
- Vomisman, doulè miskilè, afyèy, gòj fè mal, ak tous se efè negatif ki posib yo.

Si pwoblèm sa yo ap rive, jeneralman y ap kòmanse toutswit aprè vaksinasyon an epi yo ap lejè epi yo p ap dire.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele 9-1-1 epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou www.vaers.hhs.gov oswa rele nan 1-800-822-7967. VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.

6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou www.hrsa.gov/vaccinecompensation oswa rele nan 1-800-338-2382 pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines.
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele nan 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO) oswa
 - Vizite sitwèb CDC sou www.cdc.gov/flu.

Haitian Creole Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program



Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon , ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistreman an.

DCH-1237HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.